NHANGANYAYA

NGANO NEONGORORO PFUPI

Tsanangudzo:

Ku -odzwa - moyo – kushaisa ushingi, tariro, kana kusatya; kuora moyo.

Mubvunzo wacho

Ndapapi paunonyanya kuwana uchirwisana nokuora mwoyo?

Kuora mwoyo ndiyo mharadzi yokutanga yezvirongwa zvaMwari zvohupenyu hwedu; tisati tagamuchira zvapamusoro-soro uye zvakanakisisa zvaMwari, vazhinji vedu tinokanda mapfumo pasi.

HURONGWA HWAMWARI HWEKUPONDA CHIKARA CHOKUODZA MWOYO

A – Mafungiro

Kuda kwaMwari mumatambudziko - KUSHINGIRIRA NOMUFARO

Hama dzangu, muti mufaro chaiwo, pose pamunosangana nemiedzo mizhinji; 3 muchiziva kuti kuidzwa kwokutenda kwenyu kunobereka kutsungirira. 4 Uye kutsungirira ngakuve nemugumisiro wakakwana, kuti muve vakakwana nekukwana, musingashaiwi chinhu. (Jakobho 1:2-4)

R - Chinhu chokushandisa

Chivimbiso chaMwari pane zvizvi – NJERE DZINOSHAMISA

Asi kana mumwe wenyu achishayiwa uchenjeri, ngaakumbire kuna Mwari, anopa zvakawanda kuna vose uye asingazvidzi, uye achapiwa hake. Asi anofanira kukumbira nokutenda asinganyunyuti napaduku, nokuti munhu anonyunyuta akaita samafungu egungwa rinosundwa uye richimutswa-mutswa nemhepo. Nokuti munhu uyu haafaniri kutarisira kuti achagamuchira chinhu kubva kuna She, ari munhu une mwoyo miviri, usina kwake panzira dzake dzose. (Jakobho 1:5-8)

T - Dzidziso yezvaMwari

Mushonga waMwari wokutsungirira - <u>MAONERO SEAMWARI</u>

Asi hama inoninipiswa ngaizvirumbidze pamusoro pechinzvimbo chake; 10 Mufumi anofanira kuzvirumbidza pamusoro pokuninipiswa kwake, nokuti souswa hunotumbuka achapfuura. 11 Nokuti zuva rinobuda pamwe chete nemhepo inopisa richiomesa uswa; ruva raro rinodonha, nokunaka kwechimiro chayo ndokuparara; saizvozvowo mupfumi achasvava pakati penzira dzake. 12 Wakaropafadzwa munhu unotsungirira pakuidzwa; nokuti kana anzverwa, uchapiwa korona yovupenyu yakapikirwa avo vanomuda. (Jakobho 1:9-12)

KUSHINGISHIRA MUNGUVA DZAKAOMA KUNODA KUTI TI:

1. Nzwisise maonero aMwari pamusoro pezvimiro zvezvinhu zvenyu. (Jakobho 1:9-11)
   - Sei? Nokutarisa zvimiro zvezvinhu zvedu, namaziso <u>OKUTENDA</u>.

2. Nzwisise maonero aMwari nezvaramangwana redu. (Jakobho 1:12a)
   - Sei? Nokutarisa ramangwana redu namaziso <u>ETARIRO</u>.

3. Nzwisise maonero aMwari pakukurudzira kwedu. (Jakobho 1:12a)
   - Sei? Nokutarisa kurudziro nemboni <u>YORUDO</u>.

PFUPISO / ONGORORO

UNOGONA KUPONDA CHIKARA CHOKUODZA MWOYO!

1. Ongororazve mamiriro ezvinhu zvako.
   - Mubvunzo: kutenda kwangu kuri muzvinhu zvinopera here kana kuti ZVISINGAPARARI ?
2. Ongororazve pfungwa dzako.
   - Mubvunzo: tariro yangu inobva pakukura kwamatambudziko angu here kana pachokwadi che ZVIVIMBISO zvaMwari?
3. Ongororazve chinokukurudzira.
   - Mubvunzo: kurudziro yako yokutanga yomoyo ndeyo KUDA KRISTU here kana kuzviwanira zororo nokuzvifadza?

MIBVUNZO YEHURUKURO

1. Nyora mutsara mumwe chete zvinonzwikwa uye zvakajeka uchitaridza zviri kunyanya (kana zvinogona) kukuodza mwoyo pari zvino.
2. Goverana mhinduro yako yomubvunzo wokutanga noumwe munhu kana wakasununguka uye kana zvakakodzera kuzviita.
3. Kurukurai simba remaonero maererano nemamiriro ezvinhu zvako. Tarisa zvinhu zvitatu zvinotaurwa muna Jakobho 1:9-12 uye taura majekesero azvinoita matambudziko ako chaiwo auri kusangana nawo.
4. Nyengeterera umwe muhu waunoziva ari kusangana nechimiro chinenge “nyika yaparara”